



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 7 novanm 2013

ALÈT POU KONSOMATÈ: GOUVÈNÈ CUOMO AVÈTI NOUYÒKÈ YO KONSÈNAN SOLISITASYON NAN PWOGRAM STAR

Òf Lèt pou Ranpli Aplikasyon STAR Gratis pou yon Pri

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te fè kontribiyab yo konnen pou yo pran prekosyon yo avèk solisyon ki ofri yon sèvis pou yon frè pou aplike pou egzansyon taks kay nan School Tax Relief (STAR).

Nouvo pwopriyetè kay yo te resevwa lèt ki ofri pou enskri yo nan Pwogram STAR pou yon gwo frè ki vo tout kantite lajan ekonomi lajan premye ane kontribiyab yo – ki vo apeprè \$700 dola nan eta a epi ki depase \$3.000 dola pou granmoun aje yo nan Lower Hudson Valley ak nan Long Island. Ou kapab wè yon egzansyon lèt sa yo [la a](#).

Gouvènè Cuomo di konsa, “Nouyòkè yo pa ta dwe pran nan mèt dam nan: enskripsyon nan Pwogram STAR gratis, itil, epi li bay kontribiyab yo anpil santèn, pafwa anpil milye dola nan soulajman nan taks chak ane. Mwen ankouraje nenpòt pwopriyetè kay ki resevwa yon egzansyon STAR pou yo aplike poukont yo epi pou yo pa pran nan mèt dam k ap chèche fè yo peye pou soulajman nan taks yo gen dwa pou jwenn.”

Egzansyon STAR se sèlman egzansyon nan taks kay Eta New York finansè. Gen de egzansyon STAR: Basic STAR pou pwopriyetè kay ki gen revni ki anba \$500.000 dola, ak Enhanced STAR pou granmoun aje ki gen revni ki anba \$81.900 dola. Dat limit pou enskri pou Pwogram STAR se 31 desanm 2013.

Pou aplike pou STAR:

- Deyò Vil New York, pwopriyetè kay yo ta dwe soumèt yon [aplikasyon](#) nan biwo estimatè lokal yo
- Vil New York gen yon [fòm](#) apa, epi pwopriyetè kay yo kapab mande fòm sa a depi yo rele 311 si yo pa gen sèvis entènèt

Nouvo Pwogram Enskripsyon nan STAR

Pou kapab elimine gaspiyaj ak fwod nan Pwogram STAR, pwopriyetè kay ki deja resevwa egzansyon Basic STAR gen obligasyon pou enskri nan Depatman Taks Eta New York ane sa a.

Pou kalifye pou Pwogram STAR, pwopriyetè a dwe se kay prensipal pwopriyetè yo. Malgre egzijans sa a, yon etid Depatman Taks te fè ane pase te jwenn anpil milye pwopriyetè plizyè kay t ap resevwa plis pase yon egzansyon STAR.

Plis pase 60% nan 2,6 milyon benefisyè Basic STAR deja enskri pou egzansyon yo. Yon enskripsyon pran mwens pase kat minit epi li kapab fèt nan sitwèb Depatman Taks la. Pwopriyetè kay ki pa gen sèvis entènèt yo ta dwe rele 518-457-2036 pou yo enskri.

Dat limit pou enskri a se 31 desanm 2013.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

- Enskri sou entènèt nan sitwèb www.tax.ny.gov (dokiman enskripsyon an disponib nan sèt lang)
- Rele 518-457-2036 pou enskri nan telefòn
- [STAR Registration Media Center](#) gen ladann grafik, fèy enfòmasyon ak lòt lyen ki asosye ak laprès
- [Videyo Youtube](#)
- [Demonstrasyon sou Entènèt](#)
- [Swiv Tax Department sou Twitter](#) pou ka jwenn dènye enfòmasyon Enskripsyon STAR antan reyèl.

###

W ap jwenn lòt nouvel nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418